



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE SANTE PIBLIK,
AMELYORE KALITE DLO NAN KONTE SUFFOLK**

Lejislasyon S.8473/A.8993 amande Lwa sou Restorasyon Kalite Dlo Suffolk la

***Fè referandòm sou finansman investisman alontèm nan dlo pwòp la pwogrese
pou Konte Suffolk***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a Lwa sou Restorasyon Kalite Dlo Suffolk pou pwoteje sante piblik la epi amelyore kalite dlo a. Lejislasyon S.8473/A.8993 ap pèmèt Konte Suffolk pou mete ann avan yon referandòm ki ta finanse investisman alontèm nan sistèm ak teknoloji dlo pwòp – revitalize enfrastrikti dlo pwòp pou rezidan Konte Suffolk yo.

“Aksè nan dlo pwòp se yon bezwen debaz, epi rezidan Konte Suffolk yo merite enfrastrikti dlo ki sekirize epi fyab,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Mwen angaje pou pwoteje sante tout Nouyòkè, e pwojè lwa sa se yon pwomès pou jenerasyon alavni yo ke n ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje byennèt ou.”

Lejislasyon S.8473/A.8993 ap fè chanjman nan distribisyon revni lokal la pou sistèm septik endividyèl ak pwojè tretman dlo ize yo. Lejislasyon sa ap adrese baryè nan devlopman lojman epi diminye dechaj nitwojèn ki soti nan sistèm septik lokal yo, kidonk prezève kalite dlo pwòp, diminye risk pwopagasyon alg yo, epi pwoteje ekosistèm lokal yo.

Siyati pwojè lwa jodi a apiye investisman rekò Gouvènè a nan dlo pwòp. Gouvènè Hochul te fè modènizasyon nan enfrastrikti dlo pwòp yon premye priyorite, ak investisman nan tout eta a ki bay yon total 5.5 milya dola an 2017, kote 700 milyon dola ladan l te envesti nan Long Island, ki enkli 66.1 milyon dola nan pwogram ranplasman Sistèm Septik Eta a.

Senatè Eta a Monica R. Martinez te deklare, “Jodi a, nou te bay otorizasyon pou elektè Konte Suffolk yo decide kijan pou abòde enpak polisyon nitwojèn nan pi byen. Menas grav pou dlo souteren ak sifas rejyon nou an irevèsib, men se sèlman lè nou fè investisman nan teknoloji ak enfrastrikti ki nesèsè ke n ap kanpe pwopagasyon li nan anvivònman an. Mwen fyè pou patwone opòtinite ki prezante yon fwa nan yon

jenerasyon ki reprezante lejislasyon ki abòde youn nan pi gwo defi anviwònman Long Island, e mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontini li.”

Manm Asanble Fred W. Thiele, Jr. te deklare, “Anviwònman ak ekonomi Konte Suffolk te antrave pa yon defayans nan kalite dlo a ki pa kanpe depi plizyè deseni. Plis pase trant ane de sa, New York te adopte Lwa sou Prezèvasyon Pinèd Santral yo (Central Pine Barrens Preservation Act) ke yo rekonèt nan nivo nasyonal k ap pwoteje plis pase 40,469 ekta teren pou prezève sèl akifè sous nou an. Byenke, eritaj twòp devlopman toujou kite nou ak risk k ap kontinye nan resous dlo nou yo. Jodi a, ak adopsyon Lwa sou Restorasyon Kalite Dlo Konte Suffolk la, nou mete fen dabò a efò sa yo pou pwoteje kalite dlo a ki kòmanse ak Lwa sou Pinèd Santral yo. Lejislasyon sa ap bay yon sous finansman lokal peryodik pou mete ajou sistèm septik ak tretman egou yo soti Montauk rive Babylon. L ap bay Suffolk plis pase 6 milya dola lajan lokal pou eksplwate lanan enfrastrikti eta ak federal pou remède a dlo nou an. Kounye a, balon an nan pye elektè yo. Remèsiman mwen a Gouvènè Hochul pou soutyen li depi nan kòmansman pou lejislasyon sa.”

Kad Egzekitif Konte Suffolk Ed Romaine te deklare, "Nou remèsye Gouvènè a pou angajman kontini li pou ede Konte Suffolk asire dlo pwòp pou jenerasyon k ap vini yo. Siyati pwojè lwa jodi a ap fè jayi yon egzanp de gouvènman ki travay ansanm pou moun, k ap genyen chans yo kounye a pou vote pou inisyativ enpòtan sa.”

Prezidan Asosyasyon Sipèvizè Konte Suffolk, ak Sipèvizè Komin Babylon, Rich Schaffer te deklare, “Nou dwe felisite lidèchip Gouvènè Hochul nan patenarya ak Egzekitik Konte Romaine ak Lejislati Konte Suffolk dèske yo asire ke ap genyen yon sous finansman pou dlo pwòp ak enfrastrikti egou pou 50 pwochen lane yo. Mwen ankouraje rezidan Komin Babylon pou soutni referandòm lan nan mwa novanm.”

Lidè Minorite Lejislati Konte Suffolk la Jason Richberg te deklare, "Aprè anpil mwa reta, nou te finalman rive nan pwèn kote elektè Konte Suffolk yo ap fè tande vwa yo sou kalite dlo a. Long Island renmen plaj ak pak nou yo, epi finansman sa ta transfòme enfrastrikti jesyon dlo nou an epi pèmèt nou pwofite de yo epi asire aksè pou tout moun pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Martinez, manm Asanble Thiele ak Jean-Pierre pou sipò yo ak defans yo pou rejyon nou an.”

Prezidan Lejislati Konte Suffolk la Kevin McCaffrey te deklare, "Mwen fyè pou fè pati lejislasyon istorik sa k ap pèmèt Konte Suffolk pwoteje dlo li ak dlo sifas li pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen enpasyon pou travay ak pati ki konsène yo pou asire ke referandòm sa apwouve masivman pa elektè yo an novanm.”

Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York la, Julie Tighe te deklare, "Aprè plizyè deseni ap andire dlo ki polye ak nitwojèn epi ak tèlman anpil kay ki gen bezwen yon nouvo sistèm septik oswa yon tranzisyon nan egou yo, Lwa sou Restorasyon Kalite Dlo Konte Suffolk la ap bay rezidan yo kapasite pou abòde kriz sante piblik ke kominote yo ap fè fas yo konplètman. Nou bat bravo pou Senatè Martinez ak Manm Asanble Thiele

dèske yo patwone pwojè lwa NYLCV sa, absabn aj Kad Egzekitif Konte Suffolk Romaine ak lejislati a pou sipò yo, epi chapo ba pou Gouvènè Hochul pou lidèchip odasye li nan pwoblèm kalite dlo a nan Long Island ak atravè eta a.”

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon Konte Nassau ak Suffolk, Matthew Aracich te deklare, "Jodi a mwen fyè pou kanpe bò kote Gouvènè Hochul pandan l ap siyen Lwa sou Restorasyon Kalite Dlo Konte Suffolk la an lwa. Sa se pati ki nan lejislasyon eta a ki pi enpòtan ki redije eksprè pou Long Island nan plis pase mwaye yon syèk. Konstriksyon enfrastrikti egou ki soti nan lwa sa p ap sèlman kreye plizyè milye djòb, men l ap pwopilse rejyon nou an tou nan lavni. Efò monimantal sa pa t ap rive posib san travay di reprezantan pwojè lwa yo, Senatè Martinez ak Manm Asanble Thiele, anplis de koalisyon antye nou an.”

John R. Durso, Prezidan Federasyon Mendèv Long Island, AFL-CIO ak Ryan Stanton, Direktè Egzekitif Federasyon Mendèv Long Island, AFL-CIO, te deklare, “Nou remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen Lwa sou Restorasyon Kalite Dlo Suffolk (Suffolk County Water Quality Restoration Act, SCWQRA). Se yon etap vital pou amelyore kalite dlo rejyon nou an. Ak siyati pwojè lwa sa, Long Island a yon etap pi pre pou garanti disponiblite dlo potab epi konsève itilite bò kot nou yo pandan n ap kreye plizyè milye djòb ki sendikalize ak salè ki ka soutni fanmi nan pwosesis la.”

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an, Adrienne Esposito te deklare, “Demand Long Island pou pi bon jesyon dlo ize pou pwoteje dlo potab ak dlo kot nou yo fèk fè yon gwo pa an avan. Li ekstrèman pasyonan lè ou temwen de ogmantasyon bon syans, bon lidèchip ak bon gouvènman ki reyini ansanm pou fè pwovizyon pou neseseite dlo pwòp. Plandan plis pase yon deseni, lidè anviwòmantal ak travay yo te edike epi defann yon sous finansman ki fyab pou ranplase sistèm septik k ap fè polisyon an epi modènize ak ogmante enfrastrikti egou a. Lejislasyon istorik sa kreye pakou esansyèl ki nesese pou rezidan Suffolk yo vote pou avni dlo pwòp nou. Nou apresye Manm Asanble Fred Thiele, Senatè Monica Martinez ak Gouvènè Kathy Hochul anpil pou efò yo ak travay yo pou reyalize sa.”

Konseye Politik Long Island pou The Nature Conservancy nan New York Kevin McDonald te deklare, “The Nature Conservancy felisite Gouvènè Hochul pou apwobasyon li pou lejislati k ap pèmèt elekte Konte Suffolk yo vote pou kreye yon avni dlo pwòp. Lwa sou Restorasyon Kalite Dlo Konte Suffolk la ap diminye polisyon radikalman epi restore bè ak pò nou yo lè li fè amelyorasyon enfrastrikti ki enpòtan anpil vin pa sèlman posib, men nan pri abòdab pou rezidan ak biznis yo. Nou remèsye Gouvènè a pou lidèchip anviwòmantal li epi nou pa ka tann pou travay ak Konte Suffolk pou fè dlo pwòp retounen nan Konte Suffolk.”

Direktè Egzekitif Asosyasyon Kontraktè Long Island Ian Marc Herbst te deklare, “Pwoblèm kalite dlo Long Island yo te devlope pandan plizyè deseni, e sa ap pran plizyè deseni pou rezoud yo konplètman. Lè nou etabli yon sous finansman ki dedye pou ogmante egou yo epi ranplase teknoloji ki depase ak fòs septik dlo pwòp, sa se yon pa enpòtan pou ranvèse tandans enkyetan sa epi mwen bat bravo pou Asanble

a, Senatè ak Gouvènè Hochul pou aksyon desiziv yo pou pouse inisyativ sa pou pi devan pou asire ke nou kapab jwenn vilten vòt sa an novanm.”

Prezidan Asosyasyon Fonksyonè Vilaj Konte Suffolk yo Dennis Siry te deklare, "Kalite dlo se yon pwoblèm ki enpòtan anpil nan Long Island, espesyalman nan Konte Suffolk. Nou kontan pou wè Gouvènè Hochul ap abòde pwoblèm sa. Nou apresye lefèt ke nou fè pati Long Island epi pou siyen pwojè lwa enpòtan sa.”

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)